

Jak pral lekòl
T & D: Shawn Goes to School

Ti frè m jak te toujou anvi al lekòl.

Li te chagren lè m al lekòl chak jou.

Yon jou manman m avèk mwen mennen l'jadendanfan.

Men jak pat gen lè renmen lekòl la.

Li pa t vle jwe avèk pensonn.

Lè manman m avèk mwen di l nou ale,

Jak pran kriye. Jak pete yon rèl.

Lè sa a nou te rete yon ti moman.

Pwofesè a te gen bon jan. Li te renmen ri menm jan ak matant Nini.

Pwofesè a di Jak: "*Nou gen anpil bon timoun isit la.*"

Manman m di: "*Gen anpil jwèt isit la tou.*"

Mwen di: "*Yo gen balansin tou.*"

Yon ti gason ki te anvi fè zanmi di: "*Gen yon ti chwal pou nou monte tou.*"

Jak fè yon ti ri anba chal.

Lè sa a, manman avèk mwen nou kite l lekòl la.